


ÒTOPEDI NAN CHA

ENSTRIKSYON POU LAKAY APRE OPERASYON



Randevou Suivi:

2 semèn, 6 semèn, 3 mwa, 6 mwa, 12 mwa, chak ane

Kontwòl Doulè:

- Pake glas – sèvi avèk glas (Cryocuff poujenou yo) pou ede redui anfleman ak doulè.
- Y ap preskri w medikaman nakotik ak lòt medikaman, tankou Tylenol, pou ede ak doulè w la. Pran yo dapre enstriksyon ekip operasyon w lan.
- Tanpri rele kabinè òtopedi an 2 jou anvan medikaman w yo fini pou bay pwofesyonèl medikal ou a omwen 24 èdtan pou l fè renouvèlman pou ou si sa nesesè.
- Yo p ap renouvele medikaman nakotik pandan wikenn; pa blyie rele alavans si y ap fini yon samdi oswa yon dimanch.

Swen Blesi:

- Kite pansman Optifoam nan anplas panda yon total 14 jou. Se ekip operasyon an, VNA, oswa pèsonèl reyadaptasyon an k ap chanje l nan 7yèm jou apre operasyon an pou mete yon lòt pansman.
- Ou te mèt pran douch avèk Optifoam sou kote yo te koupe w la.

Medikaman Pou Fè San Vin Pi Likid:

- Y ap mete w sou medikaman pou fè san pi likid (abityèlman Aspirin oswa Lovenox) pou ede anpeche boul san.
- Pou ranplasmanjenou antye, se abityèman pou 2 semèn. Pou pasyan ranch, se abityèman pou 4- 6 semèn.

Fizyoterapi:

- Fizyoterapi se yon pati enpòtan nan gerizon w. L ap ede w mache ak fè mouvman ak jwenti w lan nòmalman ankò. Lè w pa ak fizyoterapis la, y ap ba ou egzèsis ak detiman pou fè lakay. Li enpòtan anpil pou w fè yo chak jou.
- Pa blyie pran medikaman kont doulè anvan randevou fizyoterapi w yo pou w kapab fè mouvman yo pi byen epi pi byen pwofite seyans ou yo.

KONTINYE NAN DO PAJ LA >



ENSTRIKSYON POU LAKAY APRE OPERASYON

KONTINYE

Aktivite:

- Ekip operasyon w lan ap di w ki kantite pwa ou kapab mete sou janm ou. Nan pifò ka yo, ou kapab met tout pwa ou kapab tolere sou janm ou.
- W ap bezwen yon wòkè oswa beki pou ede w mache nan kòmansman. Lè w vin pi alèz epi w gen plis fòs, ou kapab sèvi ak baton. Alafen ou ta dwe kapab mache san ankenn èd.
- Li enpòtan pou w fè mouvman ak janm ki opere a epi mache otan ou kapab tolere chak jou.
- Leve janm ou epi mete glas pou ede redui anfleman.
- Ou pa gen dwa kondui toutotan ou pa sispann pran medikaman nakotik.
- Ou dwe planifye pa kondui pandan omwen 6 semèn apre operasyon an. Ou dwe gen bon mouvman nan jwenti w lan epi kapab sèvi ak pedal gaz ak fren an san danje. Diskite sou rekòmanse kondui avèk ekip operasyon w lan nan randevou apre operasyon w yo.
- **PASYAN RANCH:** W ap gen prekosyon pou pran ak ranch ou oswa pozisyon patikilye pou evite pandan omwen 3 mwa apre operasyon w lan pou anpeche dejwentman.

Rele Kabinè Ôtopedi an nan 617-665-1566 si w gen bagay sa yo:

- Jarèt k ap fè mal oswa ki anfle
- Plis doulè, anfleman, oswa chalè kote ou te opere a
- Plis senyman oswa ou remake kote w te koupe a ap koule
- Lafyèv oswa frison

Pou plis enfòmasyon, tanpri rele 617-665-1566 oswa ale sou:

www.challiance.org/services-programs/specialty-care/rehabilitation